



Kòmanse mèkredi 18 mas 2020, Biwo Jesyon Pèmi ak Biwo Kontwòl Konstriksyon ak Mitigasyon (Office of Permit Management & Office of Building Control and Mitigation) Depatman Transpò Vil New York (NYC DOT) pral limite entèraksyon li ak piblik la jiska nouvèl òd epi mete anplas pwosedi obligatwa sa yo poutèt deklarasyon l'ans Coronavirus COVID-19 la:

**Asirans, mizajou nan kont, ak nouvo anrejistremant Moun ki Gen Pèmi:**

Nou p ap resevwa okenn moun ki vini san randevou, voye tout dokiman pa imèl bay [constructionpermits@dot.nyc.gov](mailto:constructionpermits@dot.nyc.gov) epi transfere dokiman siyen/sele/notarye **orijinal** yo nan kourye lapòs bay:

NYC DOT – Permit Management  
55 Water Street, Concourse  
New York, NY 10041  
Attn: Insurance Department

Nou dwe toujou voye règleman konsènan Responsablite Jeneral Komèsyal (Commercial General Liability, CGL) yo bay [constructionpermits@dot.nyc.gov](mailto:constructionpermits@dot.nyc.gov) pou revize epi pou apwouve avan nou voye yo bay CGL.

**Pou Aplike pou Pèmi - Moun ki gen Pèmi ki Anrejistre yo**

Tout moun ki gen pèmi ki anrejistre yo pral **oblige** aplike epi peye pou pèmi pa entèmedyè Permit Management System NYCStreets la nan [www.nycstreets.net](http://www.nycstreets.net). Si ou se yon moun ki gen pèmi epi ou poko pare pou itilize pwosesis pratik ou ki sou entènèt la, ou pral bezwen jwenn aksè nan NYCStreets. Voye yon imèl ak non ou, non konpayi a, nimewo ID moun ki gen pèmi an nan: [constructionpermits@dot.nyc.gov](mailto:constructionpermits@dot.nyc.gov) epi mande yon Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (Personal Identification Number, PIN).

Nou dwe aplike pou Pèmi **Kontra Gouvènman** yo sou entènèt gras ak Permit Management System NYCStreets la nan [www.nycstreets.net](http://www.nycstreets.net). Voye Avi pou kontinye (Notice to Proceed), lèt ofisyèl ki ba ou dwa, ak tout kesyon konsènan travay Kontra Gouvènman pa imèl nan [governmentpermits@dot.nyc.gov](mailto:governmentpermits@dot.nyc.gov)

**Demann pou Fèmen Wout**

Pwosedi pou fè Demann pou Fèmen Wout yo disponib nan <http://www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/full-rdway-closure-procedure.pdf>. Ou dwe anrejistre Fòm Konplè pou Fèmen Wout ou ka ranpli a [http://www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/dot\\_full\\_roadway\\_closure\\_procedures.pdf](http://www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/dot_full_roadway_closure_procedures.pdf) kòm yon Fichye PDF epi voye li pa imèl bay [FullRoadwayClosure@dot.nyc.gov](mailto:FullRoadwayClosure@dot.nyc.gov). (Pa voye yon kopi eskane fòm sa a)

**Demann pou fè Gwo Modifikasyon nan Bilding yo**

Demann pou fè Gwo Modifikasyon nan Bilding yo disponib nan <http://www.nyc.gov/html/dot/streetworks/downloads/pdf/new-building-major-alteration-procedures.pdf>. Ou dwe voye demann konplè yo ak dokiman sipò pa imèl bay [NewBldgMajorAlter@dot.nyc.gov](mailto:NewBldgMajorAlter@dot.nyc.gov).

**Demann pou Vout/SCARA/Ranblè (Vaults/SCARA/Landfill)**

Pwosedi pou aplikasyon pou vout kliyan yo disponib nan [http://www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/dot\\_engineering\\_package\\_vault\\_application.pdf](http://www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/dot_engineering_package_vault_application.pdf). Ou dwe soumèt enfòmasyon pou aplikasyon, fòm SCARA, desen jeni, ak dokiman sipò bay



## Department of Transportation

POLLY TROTTENBERG, Manm Komisyon

Inite Egzamen Plan (Plan Examination Unit, PEU) pa imèl nan [vaults@dot.nyc.gov](mailto:vaults@dot.nyc.gov). PEU ap egzaminen plan yo epi, si sa nesesè, l ap pwograme yon apèl / videyo konferans ak pwomotè/kote k ap bay pèmi an.

**Pwopriyetè Kay/Pwopriyete Prive** ki bezwen pèmi pou reparasyon twotwa ak renouvèlman vout yo ap bezwen voye nan yon imèl aplikasyon pou reparasyon twotwa epi mande Dosye Pèmi ansanm ak dokiman sipò bay [constructionpermits@dot.nyc.gov](mailto:constructionpermits@dot.nyc.gov) pou yo ka travay sou aplikasyon yo; w ap jwenn detay yo nan <http://streetworksmanual.nyc.gov/chapter-three/application-procedures-sidewalk-construction-permit>. Manm pèsònèl yo ap travay sou aplikasyon an, anile frè a, epi voye pèmi an pa imèl bay pwopriyetè a. (Biwo Pèmi DOT yo fèmen, piga ou poste oswa pote aplikasyon yo nan biwo yo). Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte biwo prensipal nou an nan [constructionpermits@dot.nyc.gov](mailto:constructionpermits@dot.nyc.gov) oswa rele nan (212) 839-9561/9566.

17 mas 2020 16:55 PM